

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.1.1 Sumber Data Panalungtikan

Sugiyono (2012:308) nétélakeun yén dina ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sumber *primer* jeung sumber *sekunder*. Sumber *primer* nya éta sumber data nu langsung dibikeun ka nu ngumpulkeun data atawa panalungtik, sedengkeun sumber *sekunder* nya éta sumber data nu teu langsung dibikeun ka panalungtik, misalna ngaliwatan jalma lian atawa ngaliwatan dokumén. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta puisi mantra nu aya di Desa Sasagaran, Kacamatan Kebonpedes, Kabupaten Sukabumi.

3.1.2 Lokasi Géografis Tempat Panalungtikan

Kabupaten Sukabumi aya di wilayah Provinsi Jawa Barat jauhna 96 km dari Ibukota Provinsi Jawa Barat (Bandung) jeung 119 km dari Ibukota Negara (Jakarta). Sacarageografis wilayah Kabupaten Sukabumi perenahna aya diantara $6^{\circ}57' - 7^{\circ}25'$ Lintang Selatan dan $106^{\circ}49' - 107^{\circ}00'$ Bujur Timur jeung boga luas daerah 4.161 km² atau 11,21% tina luas Jawa Barat atau 3,01% tina luas Pulau Jawa, anapon batas-batas wilayahnya nya éta:

- Kalér, ngaliwatan Kabupaten Bogor, Provinsi Jawa Barat;
- Kidul, ngaliwatan wates jeung Samudera Indonesia;
- Kulon, ngaliwatan wates jeung Kabupaten Lebak, Provinsi Banten jeung Samudera Indonesia;
- Wétan, ngaliwatan wates jeung Kabupaten Cianjur, Provinsi Jawa Barat.

Lian ti éta sacara administratif Kabupatén Sukabumi ogé ngaliwatan wates sacara langsung jeung wilayah Kota Sukabumi nu mangrupa daerah kantong (enclave) dikurilingan ku sababaraha wilayah Kacamatan di Kabupatén Sukabumi. Kacamatan éta nyaéta Kacamatan Sukabumi dibélah Wétan, Kacamatan Cisaat dan Kacamatan Gunungguruh di belah Kulon, Kacamatan Nyalindung di belah Kidul, Kacamatan Sukaraja dan Kacamatan Kebonpedes di belah Wétan. Bentuk topografi wilayah Kabupaten Sukabumi umumna ngawengku bentuk taneuh nu bergelombang di daerah kidul jeung mangrupa gunung di daerah bagean kaler jeung tengah. Tingkat kaluhuran aya dina sekitar 0 - 2.960 m. Aya oge sababaraha daerah basisir jeung pagunungan diantaranya Gunung Salak jeung Gunung Gedé nu masing-masing boga puncak 2.211 m jeung 2.958 m ngabalukarkeun kaayaan laming leuwih miring (di luhur 35°) ngawengku 29% ti luas Kabupaten Sukabumi. Kaayaan topografi nu jiga kitu ngabalukarkeun wilayah Kabupaten Sukabumi jadi rawan erosi. Lamun ditalungtik tina sumber cai, tetela sumber daya air cukup loba, hal ieu kagambarkeun ku lobana walungan diantaranya Cimandiri jeung walungan nana, Cipelang, Citatih, Citarik, Cibodas dan Cidadap. Lian ti eta aya oge walungan Ciletuh, Cikarang, Cikaso dan Cibunin nu mangrupa pangwates jeung Kabupaten Cianjur di belah Wétan. Sumber-sumber cai eta loba digunakeun ku masyarakat salaku pangairan kanu tatanen. Tina segi kamampuh taneuh (tekstur jeung tingkat jerona taneuh), daerah Kabupaten Sukabumi boga bertekstur tanah sedeng (tanah lempung). Tingkat jeorna taneuh bisa dikelompokkeun jadi 2 (dua) golongan nyaéta taneuh nu jero pisan (leuwih ti 90 cm) jeung taneuh nu kurang jero (kurang ti 90 cm).

Kampung Selajambu RT 04/01 mangrupa salahiji kampung nu aya di Désa Sasagaran. Sasagaran mangrupa hiji desa nu aya di sabudeureun Kacamatan Kebonpedes, Kabupaten Sukabumi. Kode pos nu digunakeun di Sasagaran nyaéta 43194.

3.3 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan

Méthode mangrupa salasahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Cara nu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan jeung objék anu rék ditalungtik.

Arikunto (2010:203) nétélekeun méthode panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dinga ngumpulkeun data panalungtikan.

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Tegesna méthode anu ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan jeung kajadian anu keur disanghareupan. Ieu méthode digunakeun lantaran data anu ditalungtik leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif.

Istilah “déskriptif” asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jrrd (Arikunto, 2010:3). Méthode déskriptif ogé miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta, anu sipat jeung hubunganna nyoko kana kaayaan daérah nu tangtu. Tujuan ngagunakeun méthodé déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta nyangking data tur méré gambaran ngeunaan wangun, pangaruh, jeung fungsi puisi mantra kana kahirupan sapopoé masarakat di Desa Sasagaran Kacamatan Kebonpedes Kabupaten Sukabumi.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré dina udagan panalungtikan, ditataan heula istilah-istilah atawa kecap-kecap anu dipaké jeung aya patalina jeung judul panalungtikan, diantarana:

1) Analisis

“penyelidikan suatu peristiwa (karangan, perbuatan, dan sebagainya) untuk mengetahui yang sebenarnya, sebab-sebab atau duduk perkaranya dan sebagainya” (KBBI)

2) Puisi

Cabang élmu sastra dina wangun lisan jeung tulisan. Nu dimaksud cabang puisi wangun lisan didieu nya éta puisi mantra.

3) Mantra

Nya éta jampé. Jampé pikeun ngalancarkeun naon nu dipigawé (KUBS, Kamus R. A Danadibratra)

4) Jangjawokan

Jangjawokan didieu maksudna salasahiji puisi mantra Sunda, hususna jampé nu digunakeun dina siklus kahirupan sapopoé anu dijerona kaasup kakandungan, babar, sunatan, nikah, dangdan, panyakit kaasup cara ngubaranna jeung maot.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:203), instrument panalungtikan nya éta alat atawa pasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangakan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, hartina leuwih taliti, lengkep, sistematika, jeung leuwih gampang ngolahna.

Dina ieu panalungtikan, sangkan bisa meunangkeun data jeung hasil nu nyugemakeun sarta ngayakinkeun, digunakeun sababaraha instrumen, nya éta :

a. Alat rékam

Piken ngumpulkeun data dina wangun audio. Ieu instrumén digunakeun nalika narasumber nétélakeun naon ari jangjawokan, kumaha cara makena, sarta prak-prakkan nu langkung écés. Jinis alat nu dipaké bisa mangrupa alat rekam husus atawa ngagunakeun media HP.

b. Kaméra (Foto)

Pikeun ngadokuméntasikeun data. Ieu instrumén digunakeun pikeun ngainvéntarisasi atawa pengarsipan jangjawokan anu aya dina wangun tulisan. Sarta pikeun ngadokuméntasikeun narasumber nu méré data lamun jangjawokan éta wangunna saukur lisan. Jinis alat nu dipaké mangrupa kaméra digital.

c. Kuisisionér

Lembar pertanyaan atawa kuisisionér, digunakeun pikeun meunangkeun data sacara tinulis jeung digunakeun pikeun data nu ngkéna baris diukur. Dina kuisisioner ieu bakal ngawengku sababaraha pertanyaan anu nyoko kana tilu maksud poko nya éta, naon dadasar makena jangjawokan, naon kaonjoyanna maké jangjawokan, sarta pangaruh naon waé saupama ngagunakeun jangjawokan, ogé kumaha saupama teu ngagunakeun jangjawokan.

d. Format wawancara.

FORMAT WAWANCARA

Ngumpulkeun Data Puisi Mantra di Kecamatan Kebonpedes Kabupaten Sukabumi Desa Sasagaran

No. Narasumber:

A. Data Narasumber

1. Ngaran :
2. Umur :
3. Jenis Klamin :
4. Pakasaban :
5. Kalungguhan :
6. Padumukan :

B. Data Puisi Mantra

1. Judul Puisi Mantra :
2. Rumpaka Puisi Mantra :
3. Digunakeun :
4. Fungsi Puisi Mantra :
 - a. baheula :
 - b. ayeuna :
5. Jenis Puisi Mantra :

e. Catetan Lapangan

Catetan salila meunangkeun sarupaning data nu aya pakaitna jeung panalungtikan. Hal-hal nu lumangsung diluar agénda nu geus direncanakeun panalungtik, bisa dibaca dina catetan lapangan.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta 1) téhnik studi pustaka, 2) obsérvasi, jeung 3) wawancara.

1) Studi pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung informasi ngeunaan pupujian anu aya patalina jeung subjék panalungtikan. Data nu geus kacangking bisa dijadikeun dasar dina ngalaksanakeun panalungtikan.

2) Obsérvasi

Obsérvasi nya éta prosés niténan jeung ngumpulkeun data-data anu diperlukeun dina panalungtikan. Téhnik obsérvasi digunakeun sangkan aya gambaran nu nyata ngeunaan kaayaan objék anu keur ditalungtik.

Arikunto (2010:273) nétélakeun yén métodé obsérvasi pikeun niténan kajadian anu kompléks anu bisa waé kajadiana pabareng, panalungtik disarankeun sangkan ngagunakeun alat bantu misalna, kaméra, vidéo, jeung audio-tapé rékorder.

3) Wawancara

Wawancara nya éta salah sahiji paguneman nu dilakukeun ku nu ngawawancara jeung narasumber pikeun meunangkeun informasi sacara lisan nu patalina jeung panalungtikan kucara ngajukeun patalékan ka narasumber.

Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik wawancara terstruktur. Wawancara dilaksanakeun jeung tokoh nu dianggap kokolot jeung maham pisan ngeunaan jangjawokan, sarta sababaraha warga nu ngagunakeun jangjawokan. Téhnik wawancara digunakeun sangkan meunangkan data ngeunaan pupujian.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, satuluyna ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara *purvosive sampeling*.

Purvosive sampeling nya éta téhnik nyokot sampel sumber data ku tinimbangan nu tangtu. Tinimbangan nu tangtu ieu, saperti hiji jalma nu dianggap paling nyaho kana naon anu dipiharep, atawa nu dianggap ngawasa matéri anu ditalungtik, anu ngalantarankeun bisa ngalancarkeun panalungtik neuleuman objék/situasi sosial anu keur ditalungtik (Sugiyono, 2012:300).

Sabada ngumpulkeun data, data nu geus dikumpulkeun téh diolah dumasar kana téhnik-téhnik ngolahna anu geus dipedar tiheula.

Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Tahap tatahar
- 2) Pra panalungtikan
- 3) Ngumpulkeun data
- 4) Nyusun data
- 5) Nyieun kacindekan analisis

3.8 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

- 1) Tahap tatahar

Kagiatan nu dilakukeun dina tahapan tatahar, ngawengku (1) néangan katerangan ngeunaan masalah anu arék ditalungtik (studi pustaka), (2) ngajukeun judul panalungtikan, (3) ngumpulkeun sumber bahan kajian, (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan, (5) nyieun proposal panalungtikan, (6) konsultasi ka dosén pangaping, jeung (7) ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan.

- 2) Pra panalungtikan

Kagiatan pra panalungtikan diayakeun sanggeus tatahar ngeunaan sagala rupa nu rék dilaksanakeun. Diayakeunna pra panalungtikan sangkan ngurangan résiko salah paham kana hipotésis anu dijieun ku urang.

3) Tahap ngumpulkeun data

Kagiatan nu dilakukeun dina tahapan ngumpulkeun data, ngawengku (1) telaah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan pupujian nu rék ditalungtik, (2) ngalaksanakeun obsérvasi, (3) ngalaksanakeun wawancara, jeung tokoh nu dianggap kokolot jeung maham pisan ngeunaan jangjawokan, sarta sababaraha warga nu ngagunakeun jangjawokan, (4) ngadokuméntasikeun kagiatan salila panalungtikan.

4) Tahap nyusun data

Kagiatan nu dilakukeun dina tahap ngolah data, ngawengku (1) mariksa data anu geus dikumpulkeun, jeung (2) milih data nu rék ditalungtik (3) nalungtik hasil milihan data (4) ngadéskripsikeun wangun, pangaruh, jeung fungsi puisi mantra tina data nu geus dikumpulkeun.

5) Tahap nyusun laporan panalungtikan

Kagiatan nyusun laporan mangrupa tahapan pamungkas dina ieu panalungtikan. Hasil panalungtikan dianalisis tepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif. Satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.